

PENILAIAN HARIAN 1 SEMESTER 2

SDN 1 JATILUHUR

TAHUN PELAJARAN 2021 - 2022

Nama : Hari / Tanggal :
Kelas : IV M. Pelajaran : B. Sunda

Pahlawan Lingkungan

Désa bangbayang téh jadi ramé, kahirupan wargana ningkat. Padahal tadina mah tiiseun, sabab tempatna mencil. Ieu désa téh ayana di Kacamatan Lemahsugih, Kabupatén Majalengka. Pangna jadi ramé sanggeus masyarakat nyieun jalan désa pikeun lalar liwat kendaraan.

Baréto mah di Bangbayang téh teu loba sawah, sabab hésé cai. Ari walungan mah aya, ngaranna Cihieum, tapi jauh jeung kahalangan pasir .

Kurang leuwih opat puluh taun katukang, Sudarta boga rencana rék ngocorkeun cai ti walungan, sangkan lahan di désana bisa disawahan. Éta lain pagawéan babari, sabab kudu nobros pasir

Sudarta ngamodal sorangan, ti mimiti meuli pakakas pikeun nobros tepi ka muruhan pagawé.

Sanggeus hasil gawé Sudarta mimiti ngawujud, kakara waé tatanggana daraékeun mantuan.

I. Cakra (x) a,b, c atawa d dina jawaban nu benerna !

- Dina bacaan diluhur désa bangbyangan the ayana di kacamatan
a. Lemahsugih b. lemah abang c. Cihieum d. Majalengka
- Kaayaan désa bangbayang téh tadina mah
a. Rame b. tiiseun c. poék d. loba sawah
- Ceuk pikiran Sudarta sangkan lahan di désana bisa disawahan hudu
a. Nobros jalan b. nobros pasir c. nyieun jalan d. modal ageung
- Sudarta dianggap pahlawan lingkungan , lantaran . . . jasa
a. Leutik b. gede c. sabar d. hutang
- Sakur jalma anu milampah pagawéan, tur hasilna jadi mangpaat pikeun sarérèa disebut
a. Pahlawan b. pajabat c. pangasuh d. pamingpin
- Rebun – rebun gawé di sawah, ngolah lahan sangkan lendo, melak paré bulan – bulan, mun usum panén datang , hasil tina lahan subur. Pahlawan nu boga jasa téh nyaéta
a. Patani b. pamayang c. padagang d. pagawé pabrik
- Pamayang téh gawéna ngala . . . di laut.
a. Lauk b. kembang c. buah d. pare
- Urang jadi pinter, jadi loba kanyaho, éta téh lantaran jasa
a. Guru b. padagang c. batur d. tatangga
- Ibu dewi sartika téh kaasup pahlawan
a. Pendidikan b. revolusi c. reformasi d. kamerdékaan

10. Sakola anu diadegkeun ku Ibu Déwi sartika dinamian
a. Sakola umum b. sakola rumaja c. sakola istri d. sakola alam
11. . . . jalmana anu daék hirup sangsara dunya ahêrat ?
Kecap tanya pikeun kalimah pananya diluhur
a. Iraha b. kumaha c. naon d. saha
12. . . . waé nu kudu dibawa pikeun pangabutuh kèmping ?
Kecap Tanya nu merenah pikeun kalimah diluhur
a. Naon b. iraha c. dimana d. kumaha
13. Balik →
Manéhna . . . ka warung rèk meuli ontan
a. Balik – balik b. bulak – balik c. bulak – balok d. balik – bulak
14. Baranng digelar di jongko, nu mareuli diladangan
Kecap sasaran jongko
a. Kios b. buruan c. sakola d. kantor
15. Kabéh dibéré piwuruk, conto hadé pikeun urang .
Sasaran kecap piwuruk nyaéta
a. Panyaram b. panyarék c. naséhat d. waluya